Vil New York
Pwogram
**Entèvansyon Bonè**

**Pi Bonè Se Granm Maten**

# Teknoloji ki Bay Sipò:
## Zouti pou Ede Pitit Ou Aprann ak Jwe

Aparèy teknoloji ki bay sipò yo ede tibebe ak timoun piti ki nan Pwogram Entèvansyon Bonè a jwe, aprann ak kominike avèk lòt moun. Aparèy yo ka senp oswa konplèks. Men kèk ladan yo:

- Aparèy pou tande
- Zouti pou ede timoun pale ak konprann
- Jwèt ki gen limyè ak son pou timoun ki gen difikilte pou wè
- Pousèt espesyal, aparèy pou kanpe, aparèy pou mache ak aparèy òtopedik pou timoun ki gen reta nan mouvman
- Kiyè oswa tas espesyal ki kapab ede pitit ou avèk aktivite chak jou

## Pou jwenn plis enfòmasyon, pale avèk espesyalis terapi Entèvansyon Bonè ou a.

Si oumenm ak espesyalis terapi Entèvansyon Bonè ou dakò yon aparèy teknoloji ki bay sipò ka bon pou pitit ou ak fanmi ou:

- Avèk pèmisyon ou alekri, yon manm ekip Entèvansyon Bonè ou a ap kontakte doktè fanmi ou pou li jwenn yon preskripsyon pou chak aparèy.
- Answit, ekip ou ap remèt demann lan.
- Apre ekip Entèvansyon Bonè a apwouve demann lan, yon founisè ap travay avèk ou epi avèk espesyalis terapi ou pou chwazi aparèy ki bon pou pitit ou a epi pou ajiste li jan sa nesesè.
- Lè ou resevwa aparèy la, founisè a ak espesyalis terapi Entèvansyon Bonè ou a ap montre ou kijan pou itilize li san pwoblèm.

## Eseye diferan aparèy pou jwenn sa ki pi bon an pou pitit ou a.

Gen kèk aparèy ki ka trè konplèks, men souvan pi bon aparèy pou pitit ou a kapab senp anpil, tankou yon kiyè ki gen yon gwo manch.

ADAPT Community Network kapab ede ou aprann enfòmasyon sou diferan aparèy teknoloji ki bay sipò yo gratis. Gen kèk aparèy ki ka disponib pou prete pou yon ti tan pou eseye avèk tibebe oswa timoun piti ou a. Ansanm ak espesyalis terapi Entèvansyon Bonè ou a, oswa poukont ou, ou ka kontakte ADAPT Community Network nan 718-436-7979 (ekstansyon 5024) oswa **techworks@adaptcommunitynetwork.org** pou pale sou bezwen ou yo oswa pou pran yon randevou pou aprann plis sou aparèy yo avèk anplwaye ki gen eksperyans.



Photo © 2015: Rifton Equipment. Itilize avèk pèmisyon.

NYC Health